

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Sei Tichifanira Kuva na Vaporofita?

Nokuti Baba veKudenga vanoda vana Vavo, Havana kuvasiya vachifamba nemuupenyu huno hwepasi vasina gwara nehutangamiri. Dzidziso dzaBaba Vekudenga hadzisi dzamazuva ose, dzinofanozivikanwa, dzisingashamise sedzau-nokwanisa kuwana mubhuku renyaya raunotenga kuchitoto chemabhuku. Huchenjeri hweMunhu we-kudenga ane simba rose, anoziva zvose, anoda vana Vake. Mukati memazwi Ake mune chivande che-nguva—kiyi kurufaro muupenyu huno nemunyika ichauya.

Baba Vekudenga vanozarura huchenjeri uhwu kuvana Vavo panyika kuburikidza nevaranda Vavo vaporofita (ona Amosi 3:7). Kubva kumazuva aAdama, Mwari vanotaura kuvana Vavo kuburikidza nevaporofita vakagadzwa avo vanopihwa basa rekuzarura chido nerairo Yavo kune vamwe. Vaporofita vadzidzisi vakafemerwa uye vanogara vari vapupuri vakakosha vaJesu Kristu (ona D&Z 107:23). Vaporofita vanotaura kwete chete kuvanhu venguva yavo, asi vanotaurawo kuvanhu nemunguva yose. Mazwi avo anoita maungira nemumazana emakore seuchapupu hwechido chaMwari kuvana Vavo.

Nhasi haana kusiyana nenguva dzakapfuura. Ishe havade vanhu venguva yedu zvishoma kupinda

munguva dzakapfuura. Rimwe remashoko anoshama eKudzorerwa kweChechi yaJesu Kristu nderekuti Mwari vanoramba vachitaura kuvana Vavo. Havana kuhwanda mumatenga asi vanotaura nhasi sezvaVaiita mumazuva ekare kare.

Zvizhinji zvezvavanozarura kuvaporofita Vavo zvinoitirwa kudzivirira rusuwo rwedu sevvanhu uye sevagari venyika. Apo Mwari pavanotaura. Vanoita izvozvo kudzidzisa, kufemera, kunatsa, nekuyambira vana Vavo. Apo vanhu nevagari venyika pavasingate-erere mirairo yaBaba vavo Vekudenga, vanoita izvo-zvo vachizviisa panjodzi yekuedzwa, kurwadziwa, nokushaya zororo.

Mwari vanoda vana Vavo vose. Ndokusaka Vachititerera nomwoyo wese kuburikidza nevaporofita vavo. Sekuda kwatinoita izvo zvakan-nyanya kunakira vadikanwi vedu, Baba Vekudenga vanoda izvo zvakananyanya kunakira isu. Ndokusaka rairo Yavo yakakoshesesa uye dzimwe nguva ichifanira kuteererwa nokukurumidza zvikuru. Ndokusaka Vasina kutisiya nhasi asi vanoramba vachizarura chido Chavo kwatiri kuburikidza nevaporofita Vavo. Magumo edu nemagumo enyika yedu amire pakunzwa nekuteererwa kwedu shoko raMwari rakazarurwa kuvana Vavo.

Mirairo yakakosha zvikuru yaMwari kurudzi rwevanhu inowanikwa muBhaibheri, muBhuku raMormoni, muDzidziso neZvibvumirano, nemu-Dombo reMutengo Mukuru. Pamusoro pazvo, Ishe vanotaura kwatiri kuburikidza nevaranda Vavo, sezvaVachaita zvakare pamusangano mukuru urikuuya.

Kune avo vose vanoshamisika kana chinhu chakadai chichikwanisa kuvapo—vangangobvunza kuti, “Zvinokwanisika here kuti Mwari Vanotaura kwatiri nhasi?” — nomwoyo wangu wose ndino-kukokai kuti “muuye muzoona” (Johane 1:46). Verengai shoko raMwari sekuwanikwa kwarinoi-twa mumagwaro matsvene. Teerera kumusangano mukuru nenzeve inoda kunzwa izwi raMwari rinopihwa kuburikidza nevaporofta Vavo vemazuva ekupedzisira. Uyai, munzwe, uye muone nemwoyo yenyu! Nokuti mukakumbira “nomwoyo wose, nechido chaicho, mune kutenda muna Kristu, [Mwari] achakuburitsirai chokwadi chazvo, nesimba reMweya Mutsvene” (Moronai 10:4). Kuburikidza uye nesimba iri, ndinoziva kuti Jesu Kristu mupenyu uye anotungamira Chechi Yake, kuburikidza nemuporofta mupenyu, kunyange Mutungamiri Thomas S. Monson.

Mabhuradha nemasisita, Mwari vanotaura kwatiri nhasi. Uye Vanoda kuti vana Vavo vose vateerere nokunzwa izwi Ravo. Apo tinodaro, Ishe vanozoti-komborera nekutisimudzira zvikuru, zvese muu-pe-nyu huno uye nemunyika dzichauya.

©2012 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo ye-Muchirungu: 6/11. Mvumo yekududzirwa: 6/11. Dudziro ye *First Presidency Message, March 2012*. Shona. 10363 731

VECHIDIKI

Kutungamirwa neMuporofta Mupenyu

NaChristy Ripa

Pandakanga ndiine nemakore gumi nematanhatu, ndakava nemukana wekupinda musangano mukuru ini pachangu kekutanga. Mhuri yangu yaigara kumadokero kweOregon, USA, uye takafamba nemota kuUtah kunopinda musangano uye kunosiya hanzvadzi yangu huru kunzvimbo inodzidzisirwa vashumiri.

Ndakaenda kumusangano ndiine chido chekudzidziswa neMweya Mutsvene. Nokudaro, ndakatambira chiratidzo kubva kuMweya icho chandinofunga kuti handaikwanisa kutambira dai ndakanga ndisina kuzvigadzirira.

Munguva yemumwe wemisangano, munhu wese akasimuka kuimba rumbo rwegungano rose, “Guide Us, O Thou Great Jehovah.” Apo pataiimba, ndakava nemanzwiro akasimba ekuti nditarise kwese mu-Nzvimbo yeMusangano. Ndakatarisa ndikashamiswa nesimba rekubatana rezviuru zvevanhu vaivapo apo patakakwidza tose mazwi edu murumbidzo kuna Mwari.

Zvino ndakava nechitiko apo pandakanzwa saNifai paakaona chiratidzo chemuti weupenyu, nokuti Mweya wakandiudza, “Tarisa” (ona 1 Nifai 11–14). Ndakatarisa Mutungamiri Thomas S. Monson ndikanzwa kuti kubatana kweChechi kuripo nokuti tinotungamirwa nemuporofta mupenyu. Kuburikidza neuchapupu hwe-Mweya Mutsvene, ndinoziva kuti Mutungamiri Monson muporofta wechokwadi wenguva yedu, uye ndinoziva kuti Jesu Kristu anotungamira Chechi ino kuburikidza naye.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Vanasikana muHumambo Hwangu

Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

Tiri vanasikana vaBaba vedu vari Kudenga. Vanotiziva, vanotida, uye vane chironzwa kwatiri. Chikamu chechironzwa ichocho chinoshandisa kuuya panyika kuzodzidza kusarudza chakanaka pamusoro pechakaipa. Apo tinosarudza kuchengeta mirairo yaMwari, tinoVakudzwa uye tinobvuma hunhu hwedu sevana vaMwari. Chita cheRubatsiro chinotibatsira kuyeuka nhaka tsvene iyi.

Chita cheRubatsiro nenhorondo yacho zvinotibatsira nokutitsigira. Julie B. Beck, mutungamiri mukuru weChita cheRubatsiro, akati: “Sevanasikana vaMwari, murikugadzirira zvinzvimbo zvekusingaperi, uye mumwe nemumwe wenyu ane rudzi, hunhu, nebasa remunhukadzi. Kubudirira kwemhuri, vagarisani munzvimbo, Chechi ino, nechironzwa chinokosha cheruponeso zvinoenda nokumira kwerutendo rwenyu. . . . [Baba Vedu Vekudenga] vakaitira Chita cheRubatsiro kuti chibatsire kuvaka vanhu Vavo uye nokuvagadzirira kumaropafadzo etemberi. Vakamisa [Chita cheRubatsiro] kuti vaenzanise vanasikana Vavo nebasa Ravo uye kutsvaga rubatsiro rwavo mukuvaka humambo Hwavo nekusimbisa dzimba dzeZioni.”¹

Baba vedu vari Kudenga vakatipa basa chairo iro rekubatsira kuvaka Humambo Hwavo. Vakatikombore rawo nezvipo zvemweya zvatinoda kuti tibudirire pabasa chairo iri.

Kuburikidza neChita cheRubatsiro, tine mikana yekushandisa zvipo zvedu kusimbisa mhuri dzedu, kubatsira avo vanoshaya, nekudzidza mararamiro sevadzidzi vaJesu Kristu.

Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri hweKutanga, vakati nezvehudzidzi: “Nekufamba nemwoyo murefu munzira yehudzidzi, tinozviratidza mwero werutendo rwedu uye kuda kwedu kutambira chido chaMwari pane chedu.”²

Ngatiyeukei kuti tiri vanasikana vaMwari uye tigoedza kurarama sevadzidzi Vavo. Apo tinodaro, tinozobatsira kuvaka humambo hwaMwari pano panyika uye tigova vakakodzera kudzokera pamberi Pavo.

Kubva muNhorondo Yedu

Musi waKubvumbi 28, 1842, Muporofita Joseph Smith akati kumasisita muChita cheRubatsiro: “Maiswa zvino muchinhano umo mamunokwanisa kushanda maererano netsitsi idzo Mwari dzavakadyara [mamuri]. . . . kana mukabudirira pamikana yenyu, ngirozi hadzizokwanisa kudzivirirwa mukuva vafambidzani venyu.”³

Nokuziva simba reChita cheRubatsiro rekushandira vamwe nekubatsira vanhu kuti vawedzere murutendo, Zina D. H. Young, mutungamiri mukuru wechitatu weChita cheRubatsiro, akavimbisa masisita muna

1893 kuti, “mukatvagisisa muhudzami hwemwoyo yenyu pachenyu muchawana, nerubatsiro rweMweya waIshe, dombo remutengo mukuru, uchapupu hwebasa rino.”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Julie B. Beck, “‘Daughters in My Kingdom’: The History and Work of Relief Society,” *Liahona*, Mbudzi 2010, 112, 114.
2. Dieter F. Uchtdorf, “The Way of the Disciple,” *Liahona*, Chivabvu 2009, 76.
3. Joseph Smith, mu *History of the Church*, 4:605.
4. Zina D. H. Young, “How I Gained My Testimony of the Truth,” *Young Woman’s Journal*, Apr. 1893, 319.

Kubva muMagwaro Matsvene

Zekaria 2:10; Dzidziso neZvibvumirano 25:1, 10, 16; 138:38–39, 56 ; “Mhuri: Chiziviso kuNyika” (*Liahona* uye *Ensign*, Mbudzi 2010, 129)

Chii Chandingaite?

1. Ndingabatsire sei masisita angu kusvika pakwaniso yavo sevanasikana vaMwari?
2. Ndingashandise sei muupenyu hwangu rairo neyambiro zvaka-pihwa kumadzimai muDzidziso neZvibvumirano 25?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

©2012 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/11. Mvumo yekududzirwa: 6/11. Dudziro ye *Visiting Teaching Message*, March 2012. Shona. 10363 731